



**Célébration de la 56ème Journée Internationale de l'Alphabétisation**  
**Allocution de Jean Ricot Dormeus,**  
**Coordonnateur du Mouvement de Prière pour Haïti (MPH)**  
**Jeudi 8 septembre 2022**

Minis Edikasyon Nasyonal Nesmy Manigat,  
Sekretè Deta Alfabetizasyon Suzette Michelle St Georges,  
Tout lòt diyitè ak envite espesyal,  
Medam, mesye,

Youn nan pi gwo kado nou ka bay yon konpatryòt  
se montre l li ak ekri.

Se yon kado ki anrichi moun ki resevwal la,  
paske li genyen yon zouti ki pèmèt li devlope tèt li.  
Kado sa anrichi moun ki bay li a tou,  
paske, jan manmanm te konn di,  
depi wap manje djondjon, fò dan ou nwa.  
Ki donk, depi nap bay, nap resevwa tou.

Jounen Entènasyonal alfabetizasyon an fè nou reflechi  
sou prensip fratènite ki nan deviz nou:

“libète, egalite, fratènite”.

Eksperyans tou patou montre nou:

“fratènite ak egalite ede kenbe libète”.

Youn nan pi bèl ekspresyon fratènite  
se montre yon konpatryòt li ak ekri.

Lè nou patage ledikasyon, nou fè limyè jayi.

Nou montre nou renmen pwochen nou.

Nou leve tèt pwochen nou,

sa ki pèmèt nou leve tèt peyi nou.

Se pou egzèsè fratènite ke Mouvman Priyè pou Ayiti (MPH)  
bay lan men ak Sekreteri Deta Alfabetizasyon epi UNESCO  
pou mete pwogram alfabetizasyon  
« Wi mwen kapab » la sou entènèt .  
Nap jwenn tout resous nou bezwen,  
videyo ak kaye egzèsis,  
sou sit web MPH la : [mphai.org/alpha](http://mphai.org/alpha).  
Kèlke swa kote nou ye,  
depi nou genyen yon telefòn entèlijan ou byen yon òdinatè  
ak kouran epi entènèt,  
nou ka montre yon lòt moun li ak ekri.

Pou nou ka kenbe Ayiti kòm yon nasyon,  
nou dwe renmen youn lòt,  
pwoteje youn lòt,  
epi ede youn lòt devlope.  
An nou limen limyè sou chimen moun ki bò kote nou.  
An nou kenbe men fanmi ak zanmi  
pou ede yo travèse move pas dlo pa konn li ak pa konn ekri.  
An nou chak pran responsabilite nou  
pou fòme tèt nou e pou nou fòme youn lòt.

Frederick Douglas te di : « Depi ou aprann li, wap lib pou tout tan ».

Si nou renmen libète nou,  
an nou renmen aprann  
pou nou fè plis pwogrè nan lavi a  
epi pou nou patisipe jan sa dwa nan devlopman peyi nou.

Mwen di mèsè a tout moun  
ki te ede Mouvman Priyè pou Ayiti  
mete pwogram alfabetizasyon an sou entènèt.

Kounyeya an nou fè pwomosyon pou li  
pou anpil moun ka itilize.  
Mwen di mèsè a Sekreteri Deta Alfabetizasyon an  
pou travay elimine pa konn li ak pa konn ekri nan peyi a.  
Mwen voye yon kout chap bay UNESCO ki akonpaye travay sa.  
Mèt Jack Yvon Pierre te kle nan konekte nou ansanm  
pou kolaborasyon sa te fèt.  
Nou di mèsè a Junia Colas ak Bertin Joseph  
pou bèl sipò yo te bay.  
Anfin nou di mèsè a tout manm Mouvman Priyè pou Ayiti,  
an patikilye Komisyon Pwojè  
ke Sè Laurette Cupidon ap dirije.

Se pou tout Ayisyen,  
lavil kou andeyò,  
sa ki nan sektè prive,  
sa ki ap travay nan leta,  
sa ki nan sosyete sivil,  
sa ki nan legliz, sa ki jèn tan kou sa ki gran moun  
pote patisipasyon pa yo.  
Se pou tout Ayisyen pale ak yon lòt  
de pwogram sa ki sou entènèt epi edel itilize.  
Avan nou bat je nou, nou ka geyen yon lòt peyi  
si nou pran responsabilite nou.

Se pou tout 10 departman peyi a,  
depi Okap rive Jeremi,  
depi Jakmèl rive Hench,  
depi dezyèm plèn rive vale Latibonit,  
leve kanpe  
pou fini avèk afè pa konn li ak pa konn ekri sa.

Jezikri te di disip li yo :

« Nou se limyè mond la epi sèl tè a ».  
Mezanmi, an nou fè limyè nou klere wout pou lezòt,  
an nou bay peyi nou bon gou avèk sèl ki nan nou an.  
Nan Mouvman Priyè pou Ayiti,  
nap priye pou Ayiti, nap aji pou Ayiti.  
E ou-menm, ki sa wap fè pou Ayiti ?

Mèsi. Ke Bon Dye beni nou tout !